

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Wujud tina budaya masarakat anu *konkrit* salah sahijina nya éta karya sastra. Karya sastra teu bisa leupas tina kahirupan manusa, ku sabab miboga hubungan anu raket patalina jeung masarakat. Karya sastra ngagambarkeun kahirupan sosial sarta kréasi pangarang anu tumuwuh patali jeung tata kahirupan di masarakat. Hasil karya sastra di antarana aya karya sastra modern jeung karya sastra buhun. Masarakat di tatar Sunda ogé loba anu ngahasilkeun karya sastra. Conto dina karya sastra buhun aya jangjawokan, kakawihan, pupujian, sisindiran, pupuh, guguritan, wawacan, jeung carita pantun.

Pangaweruh masarakat kana sastra buhun anu kawatesanan, ngabalukarkeun héséna maham kana eusi éta sastra. Ku kituna, cara pikeun maham eusi sastra buhun salah sahijina ku cara nganalisis ngagunakeun pamarekan sastra, nya éta pamarekan struktural. Sabab, sastra buhun eusina mangrupa informasi-informasi ngeunaan kaayaan jaman baheula. Lian ti éta, kabeungharan dunya sastra Sunda katambahan ku ayana sastra buhun.

Sastra buhun anu aya di tatar Sunda nya éta wawacan. Wawacan mangrupa karya sastra wangun tinulis anu biasana mangrupa carita. Di antara sababaraha sastra anu aya di tatar Sunda, salah sahijina nya éta *Wawacan Juag Tati*.

Wawacan mangrupa karya sastra wangun tinulis, tapi prosés sumebarna dilakukeun dina wangun lisan ngaliwatan kasenian beluk. Asupna wawacan ka tatar Sunda dipangaruhan ku asupna basa Jawa kira-kira abad ka-17. Wawacan ogé disebarkeun ku kaom ulama Islam ka lingkungan pasantrén. Ku lantaran éta, eusi wawacan boh dina wangun sastra boh nu geus dicitak, eusina mangrupa ajaran agama Islam jeung carita Islami, boh saduran boh nu aslina.

Wawacan mangrupa eunteung kahirupan masarakat heubeul. Éta katitén tina gambaran masarakat Sunda buhun dina eusi wawacan, ngeunaan sagala paripolah, naon anu dipikirkeun, dirasakeun, jeung dipikahayang. Tapi, kiwari loba masarakat Sunda anu can nyaho kana warisan karuhunna. Ieu hal alatan robahna jaman anu teu dibarung ku kasadaran, yén kacida luhungna pangalaman kolot

baheula. Hal séjénna anu matak salah harti nya éta sabagéan masarakat anu nganggap sastra buhun ngan saukur barang karamat anu kudu diteundeun, atawa nganggap eusi sastra buhun geus teu saluyu atawa nyimpang tina ajaran Islam. Lian ti éta, kurangna kahayang jeung minat maca masarakat kana sastra buhun hususna wawacan, ngabalukarkeun héséna maham, nganalisis, jeung ngaguar éta wawacan. Lamun éta wawacan teu dianalisis atawa ditalungtik, informasi-informasi jeung ajén-inajén anu nyangkaruk dina wawacan moal kaguar jeung méré mangpaat pikeun nu maca.

Wawacan Juag Tati euyeub ku ajén-inajén kahirupan nu hadé, salah sahijina ajén atikan. Ajén atikan dina éta wawacan nya éta paripolah, sikep, jeung kabiasaan masarakat jaman baheula anu mangrupa pieunteungeun pikeun masarakat jaman kiwari. Éta hal luyu jeung kajian élmu étnopédagogik anu medar ngeunaan ajén kahirupan, di antarana: ajén atikan, ajén agama, ajén moral, jeung ajén sosial. Étnopédagogik mangrupa atikan budaya lokal. Nurutkeun Kartadinata (dina Sudaryat, 2015, kc. 120), atikan budaya lokal kudu dilaksanakeun. Tujuanna sangkan ngawariskeun ajén-inajén budaya lokal anu mangrupa idéntitas bangsa. Ajén atikan budaya lokal dipiharep bisa diwariskeun ka unggal generasi. Ku sabab kitu, wawacan anu beunghar ku ajén atikan, kudu dijaga sarta kudu disalametkeun pikeun ngabeungharan pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda sarta bisa ditepikeun ka unggal generasi. Salah sahijina ku cara nalungtik *Wawacan Juag Tati* dumasar kana ulikan étnopédagogik.

Skripsi anu ngaguar wawacan saméméhna geus aya, di antarana “Wawacan Budiman: Analisis Struktur-Sémiotik pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Buhun di SMA” ku Muhammad Riza Khairillah (2012), jeung “Transliterasi jeung Analisis Struktural dina Naskah Babab Galuh pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Buhun di SMA kelas XII” ku Rini Andriani Sasmita. Lian ti éta, aya ogé tesis nu judulna “Analisis Wawacan Panji Wulung pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di Kelas XII SMK (Tilikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Noviana Purwanti (2015).

Lian ti wawacan anu geus ditalungtik di luhur, wawacan anu ngaguar ajén atikan ogé geus ditalungtik ku Wulan Widianingsih dina tesis taun 2014 di UPI. Nu judulna “Unsur Budaya jeung Ajén Atikan dina Naskah (*manuscript*) “Wawacan Barjah” (Ulikan Budaya-Étnopédagogi).” Anu ngabédakeun dina panalungtikan ieu nya éta objék

panalungtikanana. Ajén atikan anu nyangkaruk dina *Wawacan Juag Tati* can aya anu nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Atikan dina *Wawacan Juag Tati* (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik).”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan analisis strukturna sarta ajén atikan anu nyangkaruk dina *Wawacan Juag Tati*. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

1. Kumaha déskripsi *Wawacan Juag Tati*?
2. Kumaha struktur carita *Wawacan Juag Tati*?
3. Ajén atikan naon waé anu nyangkaruk dina *Wawacan Juag Tati* dumasar kana ulikan étnopédagogik?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga tujuan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Panalungtikan dina ieu masalah miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ajén atikan anu nyangkaruk dina *Wawacan Juag Tati*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

1. Ngadéskripsikeun *Wawacan Juag Tati*;
2. Ngadéskripsikeun struktur carita dina *Wawacan Juag Tati*;
3. Maluruh ajén atikan anu nyangkaruk dina *Wawacan Juag Tati*.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga mangpaat anu dibagi jadi dua nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh nu macana sarta jadi salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan anu aya pakaitna jeung panalungtikan ngeunaan *Wawacan Juag Tati*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun panalungtik jeung nu maca.

1. Pikeun panalungtik

Mikanyaho kana eusi *Wawacan Juag Tati* sarta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan ajén atikan dina ieu wawacan.

2. Pikeun nu maca

Méré informasi, ngajembaran pangaweruh ngeunaan eusi *Wawacan Juag Tati* sarta ngahudang kasadaran sangkan ngaraksa-ngariksa tur mikacinta warisan kolot baheula.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Tatapakan tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, struktural, jeung ajén atikan ulikan étnopédagogik, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data sarta analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan déskripsi wawacan, struktural, sarta analisis ajén atikan dumasar kana ulikan étnopédagogik. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB V Kacindekan, eusina mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nya éta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca. Éta saran téh tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.